

# **TATA PANGABEKTI NATAL GKJ MERGANGSAN**

**Tanggal 25 Desember 2022**

**Bahasa Jawa**

**Tema : “ Kamulyanipun Manungsa Natal “**

**(PS = Palados Sabda; PL = Palados Liturgi; Prd = Pradata;**

**Psw = Pasamuwan)**

## **A. PECAWISAN/LONCENG 1**

- Pandonga Konsistorium : Pandhita lan Pradata dedonga wonten konsistori.
- Paraga pangibadah lan pasamuwan dedonga sacara pribadi.

## **B. PANGIBADAH/LONCENG 2**

**(Pasamuwan Jumeneng)**

### **1. TIMBALAN PANGIBADAH**

PL : Natal sampun kebar. Gusti Yésus miyos ing jagad minangka wujud Katresnan lan Kamulyan-Ipun kanggé kita. Awit saking punika, sumangga kita tetunggilan kanthi kebak kabingahan lan ngluhuraken asmanipun.

Psw : **Ngrepèkaken KPJ 233 : 1, 2**

### 233. KANCA AGIYAKA

do=G 4/4

1 | 1 . 5 1 | 2 . 5 . | 3 2 3 4 | 3 . 2 . |  
 Kan- ca a - gi - yak - a! Ing kandhang Bèth-lé - hèm

1 . 7 6 | 7 1 2 3 | 7 . 6 . 5 | 5 . . 0 |  
 ka - ra - wuh - an Rohing Pa - ngér- an.

5 . 4 3 | 4 . 3 . | 2 3 1 2 | 7 6 5  
 Sang Ba - yi mi - yos pi - naring-ken ki - ta.

*Refrein:*

1 | 1 7 1 2 | 1 . 5 3 | 3 2 3 4 | 3 . 2 3 |  
 Lah pa-yo mrana su - jud, lah pa-yo mrana su - jud nga-

4 3 2 1 | 7 . 1 4 | 3 . 2 . 1 | 1 . . ||  
 bek - ti ma - ring Gus - ti, Pa - mar-ta.

2) Pamartaning jagad, Putra kang tumurun  
 sumeleh anèng pamakanan.

Yéku wujudnya prasetyaning Allah.

Refr. : Lah payo mrana sujud, lah payo mrana sujud  
 ngabekti maring Gusti, Pamarta

### 2. VOTUM

PS : Kita lumebet wonten ing pangibadah Natal kanthi pengaken :  
 Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Gusti Allah ingkang  
 nitahaken langit, bumi lan sedaya isinipun, lan ingkang tansah setya  
 netepi prasetyan kawilujengan ingkang sampun kapratélakaken.

Psw :  $\overset{\cdot}{5} \underset{\cdot}{7}$   $\overset{\cdot}{1}$  . |  $\overset{\cdot}{5} \underset{\cdot}{7}$   $\overset{\cdot}{1}$  . |  $\overset{\cdot}{5} \underset{\cdot}{4}$  3 . ||  
 A min A min A min



3. Pra pangèn gumrégah, cahya nelahi,  
nulya nampi pawartos saking swargi;  
“Gusti Yésus wus miyos, anèng kandhang kéwan  
nulya ginedhong sumèlèh ing palungan.” Salam, salam!

## 5. PENGAKENING DOSA

PS : Gusti Yésus Sang Manungsa Natal tansah ngémutaken dhateng para kekasih-Ipun murih sami gesang ingkang kebak katresnan ing antawising gesang sesarengan kaliyan sesami. Kadosdéné pangandikanipun Gusti ingkang kapratélakaken wonten ing **Yohanes 15:12** ingkang mekaten pangandikanipun: *“PapakonKu iku mangkéné, iya iku supaya kowé padha tresna-tinresnanana, dikaya anggonKu wus nresnani kowé.”*

Pasamuwan ingkang kinasih, dhawuh timbalanipun Gusti kanggé kita saèstu sampun cetha inggih punika gesang ingkang samidéné nresnani kadosdéné Gusti ingkang sampun nresnani kita. Nanging, l slampahaning gesang ing donya punika asring ndadosaken kita mboten saged ngendhalèni dhiri. Nggresula, nglepataken asanès, njeksani, ngrèmèhaken malah ngantos numpes sampun dados kalimrahan ingkang angèl dipunsingkiri.

Awit saking punika, sumangga kita aturaken pengakening dosa lan panelangsa kita wonten ing ngarsanipun Gusti lumantar pandonga.

### **(Pasamuwan kaaturan ndedonga sacara pribadi)**

PL : Punika pengaken kawula dhuh Gusti. Sinarengan sedaya kekirangan lan kadosan kawula, kawula sowan wonten ing ngarsa Paduka, nelangsani kekirangan kawula lan mratobat nyuwun sih piwelas Paduka.

Psw : **Ngidungaken KPJ 231 : 1, 2**

## 231. KADOSPUNDI, DHUH GUSTI

do=Bes 4/4

1 | 5 5 6 7 | i . i' 3̇ | 2̇ i i 7 | i . . ' ,  
Ka - dos-pundi, dhuh Gus - ti, nggèn ku - la sung ur - mat,

---

1 | 5 5 6 7 | i . i' 3̇ | 2̇ i i 7 | i . . ' ,  
me - thukken klayan pu - ji mring Ra - tu - ning ja - gad?

---

i | 3̇ 3̇ 2̇ i | 7 6 5' 5 | i 7 6 6 | 5 . . ' ,  
Mu - gi Gus-ti ma - dhang - i lan - tar - an Roh Su - ci.

---

5 | 3 5 6 5 | 5 4 3' 3 | 4 3 2 2 | 1 . . ' ||  
Sa - lam ku - la nda - dos - na ke - pareng Pa - du - ka.

---

2. Saking dhampar kang mulya lan kluhuran swarga,  
Gusti tedhak ing donya nunggil lan pra-jalma,  
tumulut nandhang sangsara, ngrembat kasisahan,  
ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangéran.

### 6. PAWARTOS SIH RAHMAT

PS : Pawartos Sih Rahmat saking Gusti, inggih sabda pangandikanipun Gusti saking serat Titus 2:11-12, ingkang mekaten pangandikanipun, *"Awitdéné sih-rahmate Gusti Allah kang nylametaké manungsa kabèh iku wus kababar. Iku merdi marang kita, supaya kita ninggal pamblasar lan kamelikan kadonyan sarta supaya kita duwéa laku kang wicaksana, adil tuwin mursid ana ing donya samengko iki."*



➤ **Waosan Injil**

PS : Pamaosing Injil, saking **Yokanan 1 : 1 - 14** ..... Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika saben tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti lan ingkang netepi. Haleluya.

Psw : 4/4

7 | 1̇ 7 5 7 | 1̇ .. 7 | 1̇ 7 5 7 | 1̇ ..  
Ha le lu ya A min Ha le lu ya A min

7 | 1̇ 3̇ 4̇ 5̇ | 4̇ .. 3̇ | 5̇ 4̇ 3̇ 4̇ | 3̇ .. ||

b. Khotbah Ha le lu ya A min Ha le lu ya A min

c. **Wekdal Ening**

**10. PENGAKEN PITADOS**

**(Pasamuwan Jumeneng)**

Prd : Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sadhéngah papan lan wekdal, sumangga kita ikraraken lan antebaken malih punapa ingkang kita pitadosi kanthi sesarengan nglairaken Pengaken Pitados Rasuli.

- 1) Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahkaken langit kaliyan bumi,
- 2) Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang putra ontang-anting, Gusti kawula,
- 3) Inggih kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- 4) Inggih nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- 5) Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah,
- 6) Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama Inggih Mahakawasa.
- 7) Saking ngriku inggih badhe rawhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah;
- 8) Kawula pitados dhateng Roh Suci;
- 9) Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci;
- 10) Punapa dene pangapunte ning dosa;
- 11) Tanginipun raga;
- 12) Sarta gesang langgeng.

# 11. PISUNGSUNG SOKUR LAN PALUNGAN

(Pasamuwan lenggah)

Prd : Pawartos Natal sampun kita tampèni, sumangga samangké kita aturaken panuwun konjuk Gusti lumantar pisungsung. Pangandikanipun Gusti ingkang dados pangatag anggèn kita ngaturaken panuwun awit pawartos Natal, prayogi menawi kita nuladha para majus anggènipun misung-sungaken dhateng Panjenenganipun kados igkang kaserat wonten ing *Mateus 2:11*, *“Banjur padha lumebu ing omah lan ndeleng Sang Timur karo Maryam kang ibu, nuli padha sumungkem sujud marang Panjenengané. Banjur padha mbukaki pethiné raja-brana, Panjenengané disaosi pisungsung arupa mas, menyan lan blendok mur.”*

- Kidung Pisungsung kairing : KPJ 192 : 1, 3

## 192. ISINING KABAR KABINGAHAN

do=F 4 / 4

$\overline{1} \ \overline{1} \quad | \quad \overline{1} \ . \ \overline{3} \ \overline{4} \ \overline{5} \ \overline{4} \ \overline{3} \quad | \quad \overline{1} \ . \ .$   
 I - si - ning ka - bar ka - bi - ngah - an

$\overline{5} \ \overline{1} \quad | \quad \overline{7} \ . \ \overline{5} \ \overline{7} \ \overline{1} \ \overline{7} \ \overline{1} \quad | \quad \overline{5} \ . \ .$   
 wi - nang - sit - ken dé - ning Pa - ngér - an,

$\overline{7} \ \overline{1} \quad | \quad \overline{3} \ . \ \overline{1} \ \overline{3} \ \overline{4} \ \overline{5} \ \overline{3} \quad | \quad \overline{4} \ . \ .$   
 da - dya sra - na pa - ring pi - wu - lang

$\overline{4} \ \overline{5} \quad | \quad \overline{3} \ . \ \overline{5} \ \overline{4} \ \overline{3} \quad | \quad \overline{1}$   
 mar-gi - ning ka - u - ta - man.

Refrein:

$\overline{1} \ \overline{7} \ \overline{1} \ \overline{5} \ \overline{7} \quad | \quad \overline{1} \ . \ \overline{1} \ \overline{7} \ \overline{1} \ \overline{5} \ \overline{7} \quad | \quad \overline{1}$   
 Di - mèn tyang pi - ta - dos tan - sah a - ru - man - tos

$\overline{1} \ \overline{3} \ \overline{1} \ \overline{3} \ \overline{4} \quad | \quad \overline{5} \ . \ \overline{5} \ \overline{3} \ \overline{4} \ \overline{5} \ \overline{3} \quad | \quad \overline{4} \ . \ 0 \ ||$   
 mba - ngun tu - rut Gus - ti, nresna-ni se-sa - mi.

**(Lumadosing pisungung kaiiring instrumentalia)**

3. Tyang sisah pinaringan lipur yèn nampi sabdèng Kang Maluhur.  
Tyang ringkih pinaringan kiyat, kasinungan sih-rahmat.  
*Refr.*

• **Prd : Pandonga Pisungung Lan Pandonga Rama Kawula**

Dhuh, Rama kawula ingkang wonten ing swarga,  
Asma Paduka mugè kasucekaken, Kraton Paduka mugè rawuh,  
Karsa Paduka mugè kalampahan wonten ing bumi kadodene wonten ing  
swarga, Kawula mugè kaparingan rejeki kawula ing sacekapipun ing dinten  
punika, Saha Paduka mugè ngapunte kalepatan kawula,  
Kadodene kawula inggih ngapunte ing tetiyang ingkang kalepatan  
dhateng kawula, Punapa dene kawula mugè sampun ngantos katandukaken  
dhateng ing panggodha, nanging mugè sami Paduka uwalaken saking  
piawon, Awitdene Paduka ingkang kagungan kraton saha wisesa tuwin  
kamulyan salami-laminipun. Amin.

**12. KIDUNG PANGUTUSAN : KPJ 215 : 1, 3 (Pasamuwan jumeneng)**

PS : Manungsa Natal rawuh ing jagad punika kanggé mbabar  
Kamulyaning Allah sacara nyata. Samangké, umat-ipun katimbangan  
nyunaraken kamulyanipun Manungsa Natal ing gesang padintenan.

Psw : **Ngrepekaken KPJ 215 : 1, 3**

## 215. ANÈNG SALUMAHING BUMI

do=F 4/4

3 3 3  $\overline{3\ 5}$  | 5 .  $\overline{4\ 3\ 1}$  | 3  $\overline{3\ 2}$  3  $\overline{3\ 5}$  |  
 A-nèng sa-lu - mah - ing bu-mi sru ngu-man-dhang

5 .  $\overline{4\ 3}$  . | 3 3 3  $\overline{3\ 5}$  | 5 .  $\overline{4\ 3\ 1}$  |  
 pa - mu - ji. A-nèng nga-ré mi - wah ar - di,

3  $\overline{3\ 2}$  3  $\overline{3\ 5}$  | 5 .  $\overline{4\ 3}$  . | <sup>Refrein</sup> 5 .  $\overline{6\ 5\ 4\ 3}$  |  
 ki-dung - ing ba - la swar-gi, "Glo -

$\overline{4\ .\ 5\ 4\ 3\ 2}$  |  $\overline{3\ .\ 4\ 3\ 2\ 1}$  |  $\overline{2\ .\ 2\ 5\ .}$  |  
 ri - a

1 2 3 4 | 3 . 2 . |  $\overline{5\ .\ 6\ 5\ 4\ 3}$  |  
 in èx - cel - sis Dé - ol\* Glo -

$\overline{4\ .\ 5\ 4\ 3\ 2}$  |  $\overline{3\ .\ 4\ 3\ 2\ 1}$  |  $\overline{2\ .\ 2\ 5\ .}$  |  
 ri - a

1 2 3 4 |  $\overline{3\ .\ 2}$  . | 1 . . 0 ||  
 in èx - cel - sis Dé - ol"

3. Wus miyos Juru-basuki, yéku isining puji,  
 panggungung kalayan urmat, mring Gusti Ratu jagad, *Ref.*

### 13. PANGUTUSAN LAN BERKAH

- PS : Sami ngenerna manah dhumateng Gusti lan mandenga jagad.
- Psw : Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti lan mandeng jagad.
- PS : Ngundhangna dhateng jagad bilih Sabdanipun Allah sampun manjalma dados manungsa ing dhirinipun Gusti Yésus Kristus Sang Manungsa Natal
- Psw : Kawula ngundhangaken Kamulyanipun Manungsa Natal ing satengahing jagad punika.
- PS : Pinujia Allah.
- Psw : Inggang mboten naté misahaken kawula saking Sih katresnanipun samangké lan ing selami-laminipun.
- PS : Nampènana berkahing Gusti : *“Déné Gusti Allah sumbering sakèhé sih-rahmat, kang wis nimbali kowé kabèh ana ing Sang Kristus marang kamulyané kang langgeng, bakal nyampurnakaké, neguhaké, nyanto-sakaké sarta ngukuhaké kowé, sawisé kowé padha nandhang sangsara sawatara mangsa. Iya Panjenengané iku kang kagungan panguwaos langgeng salawas-lawasé! Amin”*

# 14. KIDUNG PANUTUP : KPK 343 : 1

## 343. PURNANING PANGABEKTI

do=C 2 ketuk  
Ladrang

Pelag pathet berang  
Lagu: Darsana Ws

C                      Em                      Am                      G                      F  
5 3 4 | 5 7 1̣ | 1̣ 3 4 | 5 . | 5 4 5 |  
Pi - nu - ji - a nggih Al - lah Sang Ra - ma                      wah Sang Pu-

Em                      G7                      C                      Em  
3 . | 1 3 4 | 5 . | 5 3 4 | 5 7 1̣ |  
tra                      lan Roh Su - ci                      pur - na pa - nga - bek - ti

Am                      G                      F                      Em      A                      Dm      G  
1̣ 3 4 | 5 . | 5 4 5 | 3 5 | 4 3 |  
a - neng gre - ja                      ngra - suk ge - sang sa - ben a -

*Refr.:*

C                      Am                      G                      C  
1 1 7 | 6 6 6 | 6 . | 7 1 6 7 | 1 1 7 |  
ri pa - yo nin - dak - na                      kang trusing a - ti sab -

Am                      G                      C  
6 6 6 | 6 . | 7 1 6 7 | 1 . | 5 3 4 |  
daning Gus - ti                      Sung gesang yek - ti                      si - nar - tan

Em                      Am                      G                      F                      Em      A  
5 7 1̣ | 1̣ 3 4 | 5 . | 5 4 5 | 3 5 |  
dēning ber - kah - ing Gus - ti                      sung sih rah - mat mring

Dm      G      C  
4 3 | 1 . ||  
se - sa - mi.